# Patisipasyon Paran nan Edikasyon

## *Strateji pou Konpreyansyon Lekti*

## ***Strateji Pou w Ka Vizyalize:***

Strateji sa yo montre nou kòman nou ka vizyalize nan lòd pou nou ka kreye sèn reyèl nan tèt nou.

Vizyalizasyon ede paran yo kominike ak pitit yo pi byen lè y ap li.

Paran yo dwe konnen kòman yo ka ankouraje e edi pitit yo vizyalize .

Brochi sa a ede w konprann vizyalizasyon e kòman ou kapab ede pitit ou a aplike l.

## ***Strateji Enferans:***

Pou nou ka byen vizyalize, nou pral fè enferans tou. Enferans vle di pou w fè yon konklizyon selon bagay ou deja konnen. Elèv la ap devlope yon ide ki pa senp. Nou rele l: "*lekti ant liy yo.*"

## Vizyalize nan Lekti

**Objektif:** Kreye imaj ak yon bèl liv pafiksyon.

**Liv ki Rekòmande:** *Baseball, The American Epic series including Shawdow Ball: The History of the Negro Leagues* (Ward, Burns, & O'Connor 1994), *25 Great Moments & Who Invented the Game?* (Ward, Burns, & O'Connor 1994),

**Repons:** Elèv la ap ekri enfòmasyon.

Liv sa yo ki mansyone anlè a tèlman yon fason ki bèl e vivan, li te vrèman fasil pou lektè kreye imaj nan tèt yo.

## Fòme Imaj Mantal ki Ale Lwen

**Objektif:** Itilize tout sans fizik yo pou w konprann.

**Liv ki Rekòmande:** National Geographic article (Rudloe & Rudloe 1994) "Sea Turtles in a Race for Suvival"

**Repons:** Mwen wè… Mwen tande…Mwen ka santi…Mwen pran sant…Mwen pran gou…

Moun ki bon lektè yo itilize tout sans fizik yo pou yo ka kreye imaj istwa a nan tèt yo. Atik sa ki anlè a byen dekri sèn sa. Paran yo dwe ankouraje elèv yo pou yo ekri ki sa yo ka wè, tande, santi e goute nan istwa a. Sa ap ede yo imajine.

## Resous pou Vizyalizasyon

*Abuela*, ekri pa Arthur Dorros

*All the Small Poems,* by Valerie Worth

*Festival in My Heart: Poems,* ekri pa Japanese Children edited by Bruno Navasky

*Fireflyes,* ekri pa Julie Brinkloe

*Good Dog Carl,* by Alexandra Day

*I'm in Charge of Celebrations,* ekri pa Byrd Baylor

*A Lucky Thing,* ekri pa Alice Schertle

*Painted Words/Spoken Memories,* ekri pa Marianthe's Story by Aliki

*Sailboat Lost,* ekri pa Leonard Everett Fisher

*The Sailor Dog*, ekri pa Margaret Wise Brown

*The Seahorse Book*, ekri pa Charlotte Zolotow

*Shadow Ball: The history of the Negro Leagues* ekri pa Geoffrey Ward, Ken Burns, with Jim O'Connor

*Twilight Comes Twice* , ekri pa Ralph Fletcher

---

Enfòmasyon sa yo sot nan liv sa a:

*Strategies that Work* , ekri pa Stephanie Harvey & Ann Goudis

## Vizyalizasyon ak Strateji ki Amelyore Konpreyansyon

**Objektif:** Pou w pi byen konprann vizyalizasyon ak strateji pou w antiispe sa ki pral pase.

**Liv ki Rekòmande:** *See The Ocean.*

**Repons:** Konprann ki jan pou w itilize strateji sa yo.

Liv sa a kapab itilize pou entwodui strateji akoz de fason istwa a dewoule.

Anba a, w ap wè yon egzanp kote yon elèl itilize strateji sa yo pou li byen konprann ki sa ekriven an ap eseye di.

Mwen renmen plaj la tou. (BK)

Poukisa li pa t batay avèk frè l yo pou bò fenèt la.
**-Sa dròl**

"Po tifi a nwasi menmjan ak ròch. Cheve li blanchi tankou kim dlo lanmè
-Bèl foto (V)

Li satisfè anpil. Petèt li konplezan. (I)

"Mwen imajine lanmè a tankou yon mesye aje ki gen yon plaj ki voye blanch sou sab la." (V)

Poukisa tifi a te mande ki koulè lanmè ye?
**It's obvious**

Frè li a te di tifi a pa ka wè lanmè a. Petèt li avèg. (I)

Li avèg, men li ka wè lanmè a nan tèt li. (I)

## Vizyalizasyon ak Liv Foto ki san Mo

**Objektif:** Vizyalize pou w konplete rès enfòmasyon yo.

**Liv ki Rekòmande:** *Good Dog Carl*, by Alexandra Day

**Repons:** Ti moun nan ap desine ki sa li vizyalize a.

Liv foto kapab itilize pou strateji sa a tou.. Nou rele liv sa yo <u>liv foto san mo</u>*; e yo kapab itilize yo* pou jèn timoun oubyen sa ki pi gran yo.

Liv sa yo ede timoun yo devlope konpreyansyon pandan y ap li. Anplis de sa, sa bay yo egzanp ki jan strateji a mache.




## Vizyalizasyon nan Liv Pa-Fiksyon: Fè Konparezon

**Objektif:** Pi byen konprann nivo gwosè, lespas ak tan.

**Liv ki Rekòmande:** Liv pa-fiksyon ki gen foto ak ilistrasyon ki pèmèt ou fè Konparezon. (egzanp: Gen dinozò Ki gen dan ki menm longè ak yon fig).

**Repons:** Desine yon konparezon ant yon objè ak yon lòt
"".

Daprè souvan, liv pa-fiksyon yo genyen imaj de konparezon pou ede lektè yo konprann konsèp gwosè, pwa, longè, distans ak lè. Imaj tankou graf, chema ak diagram bay elèv la yon modèl pou li konprann e jwenn enfòmasyon sou tèks ki pa-fiksyon.

